

## BAB III


### MÉTODE PANALUNGTIKAN

#### 3.1 Desain Panalungtikan

Numutkeun Komarudin (2007:55), desain panalungtikan nyaéta rencana anu nunjukkeun gambaran utama ngeunaan hiji hal anu baris dilakukeun. Desain panalungtikan mangrupa prosés nu diperlukeun dina rarancang panalungtikan nepi ka patalékan nu aya bisa kajawab.

Dina ieu panalungtikan aya sababaraha léngkah panalungtikan, nya éta: (1) maca naskah drama, (2) nganalisis struktur pangwangunan drama, (3) nganalisis aspék sémiotik, (4) ngolah data, (5) ngadéskripsikeun data, jeung (6) nyusun laporan. Sangkan leuwih jéntré deui, dibagankeun di handap.

Bagan. 3.1



#### 3.2 Méthode Panalungtikan

Sanjani R, 2012

Analisis Naskah Drama "Meredong" Karya Rosyid E Abby Sadiran Tina Naskah Drama Ke Karya Yudhistira ANM Massachi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Métode dianggap mangrupa cara-cara, stratégi pikeun maham réalitas, jeung léngkah-léngkah sistematis pikeun nganalisis runtuyan sabab-akibat. Salaku alat, métode miboga fungsi pikeun ngabasajankeun sangkan babari ditalungtik jeung dicangking (Ratna, 2011: 34).

Ieu panalungtikan miboga tujuan pikeun ngaidéntifikasikeun, ngadéskripsikeun, anu satuluyna maluruh ma'na nu aya dina naskah drama *Meredong* karya Rosyid E. Abby dumasar kana struktur pangwangunanana (téma, fakta carita jeung sarana sastra) jeung tanda anu nyangkaruk dina éta naskah. Ku kituna, métode nu dianggap cocog dina ieu panalungtikan téh nyaéta métodé déskriptif analisis. Ieu luyu jeung pamadegan Ratna (2011: 53) anu nétélakeun yén métode déskriptif analisis téh nyaéta métode anu ngadéskriptifkeun fakta-fakta anu satuluyna disusul ku ngaanalisis. Sedengkeun métode husus dina ieu panalungtikan nyaéta métode struktural-sémiotik. Métode struktural dipaké pikeun ngaidéntifikasi jeung ngadéskripsikeun élémén-élémén atawa unsur-unsur carita dina naskah drama *Meredong*, sedengkeun métode sémiotik dipaké pikeun maluruh ma'na jeung tanda-tanda nu aya dina éta naskah.

### **3.3 Wangenan Operasional**

Sangkan ieu panalungtikan leuwih museur, satuluyna dijéntrékeun istilah-istilah nu aya patalina jeung ieu panalungtikan, diantarana.

#### **a. Analisis**

Analisis nurutkeun Keraf (1991: 261), nya éta nalungtik hiji pasualan ku cara medar atawa ngadadarkeun kalawan gembleng.

#### **b. Struktur**

Sanjani R, 2012

Analisis Naskah Drama "*Meredong*" Karya Rosyid E Abby Sadiran Tina Naskah Drama *Ke Karya Yudhistira ANM Massachi*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Nurutkeun Iskandarwassid (2003: 153), struktur dina sastra nya éta corak rakitan (susunan) komponén-komponén karangan nepi ka ngahasilkeun wujud karya sastra, gembleng boga ma'na.

### c. Sémiotik

Sémiotik nyaéta élmu ngeunaan tanda-tanda. Ieu élmu nganggap fénoména sosial masyarakat jeung kabudayaan téh mangrupa tanda-tanda. Sémiotik ogé maluruh ngeunaan kamungkinan sistem-sistem, aturan-aturan, jeung konvénsi-konvénsi tanda-tanda anu miboga arti (Pradopo, 2010:119).

### d. Drama

Drama asal kecap tina basa Yunani nyaéta *draomai* anu hartina gerak, ngalakukeun. Aya ogé tina basa Greek, *dran* nu hartina milampah. Sedengkeun tina *Kamus Bahasa Indonesia Kontemporer* (2002), drama nyaéta komposisi sya'ir atawa prosa nu ngagambarkeun paripolah jeung watek jalma dina kahirupan nu dipéntaskeun.

### e. Naskah Drama

Naskah drama nyaéta karangan sastra anu midangkeun carita atawa lalakon ku dialog, diajengkeun pikeun dijieun hiji pintonan.

### f. Meredong

Meredong: poék mongkléng. Dina ieu naskah drama hartina nunjukkeun kahirupan anu jauh tina kahadéan anu balukarna papada jalma silih maténi sabab akalna geus poékkeun katutup ku hawa napsu.

## 3.4 Instrumén Panalungtikan

Sanjani R, 2012

Analisis Naskah Drama "Meredong" Karya Rosyid E Abby Sadiran Tina Naskah Drama Ke Karya Yudhistira ANM Massachi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu

Dina tahap ngaanalisis, baris digunakeun instrumén. Instrumén panalungtikan téh nyaéta alat atawa fasilitas anu digunakeun ku panalungtik pikeun ngumpulkeun data (Arikunto, 2006: 150). Instrumén nu dipaké dina ieu panalungtikan nyaéta makè kartu data. Kartu data dipaké sangkan dina ngolah jeung nganalisis datana leuwih gampang. Anapon salasahiji format kartu datana saperti di handap ieu:

Tabél 3.2 Latar

No	Kode	Tipe Latar			Data	Interprétasi
		Sos	Géo	Wkt		

Contohna: a) Kode 33/ 24/ II

b) Kode a/ 24/ II

Katerangan:

33: nomor urut dialog

a : nomor urut wawancang

24 : kaca

II : adegan

Bagan 3.3 Gaya Basa

No.	Kode	Réferent	Tipe	Interprétasi

Contohna: a) Kode 33/ 24/ II

b) Kode a/ 24/ II

Katerangan:

33: nomor urut dialog

a : nomor urut wawancang

24 : kaca

II : adegan

Format Tabél 3.4  
Kartu Data  
Interprétasi kana Ikon

No	Kode	Tipe			Objék Analisis	Interprétasi
		Img	Dmg	Mtf		

Contohna: a) Kode 33/ 24/ II  
b) Kode a/ 24/ II

Katerangan:

33: nomor urut dialog

a : nomor urut wawancang

24 : kaca

II : adegan

Format Tabél 3.5  
Kartu Data  
Interprétasi kana Indéks

No.	Kode	Objék Analisis	Tipe	Interprétasi

Contohna: a) Kode 33/ 24/ II  
b) Kode a/ 24/ II

Katerangan:

33: nomor urut dialog

a : nomor urut wawancang

24 : kaca

II : adegan

Format Tabél 3.6

Kartu Data  
Interpretasi kana Simbol

No.	Kode	Objék Analisis	Interpretasi

Contohna: a) Kode 33/ 24/ II

          b) Kode a/ 24/ II

Katerangan:

33: nomor urut dialog

a : nomor urut wawancang

24 : kaca

II : adegan

### 3.5 Sumber Data

Sumber data dina ieu panalungtikan nyaéta naskah drama *Meredong* karya Rosyid. E. Abby saduran tina naskah drama *Ke* karya Yudhistira ANM Massardi.

Naskah drama *Meredong* mangrupa salasahiji judul naskah drama pamilon dina Sayembara Ngarang Naskah Drama taun 2009 nu dialpukahan ku Paguyuban Panglawungan Sastra Sunda (PPSS), satuluyna éta naskah dipéntaskeun dina Festival Drama Basa Sunda XI (FDBS XI) taun 2010 nu diayakeun ku Téater Sunda Kiwari (TSK) di Gedung Kesenian Rumentang Siang. *Meredong* mangrupa naskah drama nu kawangun ku 28 adegan. Kandeln naskah aya 35 kaca nu dicetak dina kertas HVS bodas polos ukuran A4.

### 3.6 Téhnik Panalungtikan

#### 3.6.1 Téhnik Dokuméntasi

Sanjani R, 2012

Analisis Naskah Drama "*Meredong*" Karya Rosyid E Abby Sadiran Tina Naskah Drama *Ke* Karya Yudhistira ANM Massachi

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu



Téhnik dokuméntasi dipaké pikeun ngumpulkeun data jeung bahan-bahan ku cara macaan, nalaah jeung neuleuman eusi sababaraha bahan bacaan, boh éta mangrupa buku, dokumén-dokumén, atawa sumber tinulis séjénna nu raket patalina jeung masalah anu rék ditalungtik. Ieu tiori ogé pikeun meunangkeun gambaran ngeunaan tatapakan tiori struktural-sémiotik.

### **3.6.2 Téhnik Analisis Data**

Téhnik analisis data digunakeun pikeun milih jeung milih data anu kapanggih tina sumber pustaka. Téhnik ieu bisa dipaké pikeun ngaguar ngeunaan struktur drama anu ngawengku téma, penokohan, latar (*setting*), alur/plot; Unsur-unsur drama anu ngawengku prolog, dialog, pembabakan, adegan, wawancang, solilokui, aside, episode, epilog; reujeung anu dipatalikeun jeung ulikan sémiotik dina naskah drama *Meredong*.

#### **3.6.2.1 Pamarekan Panalungtikan**

Dina ngaanalisis karya sastra, hususna naskah drama, tangtu kudu maké pamarekan anu luyu jeung karya nu rék dianalisisna. Pamarekan nyaéta salasihiji tatapakan anu digunakeun dina prakna aprésiasi hiji karya sastra (Aminudin, 2009:94). Dina panalungtikan sastra aya opat pamarekan nu diébréhkeun ku Abrams (Semi, 1989:40), nyaéta pamarekan objéktif, mimétik, ékprésif, jeung pragmatik.

Anapon pamarekan panalungtikan anu baris digunakeun dina ngaanalisis datana nyaéta pamarekan objéktif anu nalaah dumasar kana karya sastrana sorangan.

### **3.6.3 Téhnik Ngolah Data**

Dina ngolah data digunakeun téhnik analisis téks. Ari léngkah-léngkahna nya éta:

- 1) Maca naskah drama *Meredong*
- 2) Ngaanalisis struktur pangwangunan drama dina naskah drama *Meredong*
- 3) Ngaanalisis aspék sémiotikna.
- 4) Nyusun laporan panalungtikan, disusun dina wangun skripsi.